# 10 मेला मे मजा

0224CH10

रूपल के मेला घूमब नीक लगैत छैन्हि। ओ अपन मित्र सब के संग स्थानीय मेला मे जाइ छथि। हुनकर मां हुनका 50 रुपया दै छथिन्ह । ओ ओहि मे सऽ बेशी अपन पसंदीदा झूला पर खर्च कैलन्हि।




बच्चा सभ सँ  मेला मे मजा बला चीज सभहक जेना– ओ सभ की कीनै छथि,ककरा संग जाइ छथि,कतेक पाइ खर्च करै छथि,एकर चर्चा करू।



## हम कतेक खर्च कैलन्हु ?





₹ 10









झूला पर खर्च भेल कुल पाइ = ☐

| रूपल के मां द्वारा देल गेल पाइ | – | खर्च भेल पाइ | = | रूपल लग बांचल पाइ |
|---|---|---|---|---|

रूपल के एकटा मित्र लग 50 मे सँ 8 रुपया बांचल छैन्हि। ओ जान' चाहैत छथि,ओ कतय पा खर्च कएलन्हि। चलू , देखी ओ कोना पता करैत छथि।



हमरा ल'ग 8 रुपया अछि आ 20 रुपया हम झूला पर खर्च कएलहुं,जे28 रुपया भेल।तखन ,20 रुपया हम अल्पाहार (स्नैक्स ) पर खर्च कएलहुं,जे मिलाकय 48 रुपया भेल आ हम 2 रुपया कैन्डी पर खर्च कएलहुं,जे कुल 50 रुपया भेल। हम 42 रुपया कुल खर्च कएलहुं।

₹ 8 + ₹ **20** = ₹ 28

₹ 28 + ₹ **20** = ₹ 48

₹ 48 + ₹ **2** = ₹ 50

₹ **42**

यदि ,अहाँक पिता मेला लेल 40 रुपया देलैन्ह आ अहाँ ल'ग 3 रुपया बांचल अछि त' अहाँ कतेक रुपया खर्च कएलहुं? पता करू।





© NCERT not to be republished



## आउ, हम सब करी ।

### क. कीनबा लेल कतेक पाइ के काज हेतैक?

| झूला | टिकट सभ | पाइ |
|---|---|---|
| ₹ 20  | 2 | ₹ _____ |
| ₹ 10  | _____ | ₹ 30 |
| ₹ 15  | 2 | ₹ _____ |

### ख. हम सभ रूपल तथा हुनकर मित्र द्वारा उपयोग कएल विभिन्न नोट आ सिक्का सभ के देखलियै। आउ, किछु आन समान्य रूपेण प्रयुक्त भारतीय मुद्रा के देखल जाए।




₹ 100




₹ 200




₹ 500

© NCERT not to be republished



### ग. एकटा 500 के नोट पर 500 कतेक बेर लिखल छै, से गिनू।







i. पांच सौ रुपये , शब्द मे ____________ बेर लिखल छै।

ii. 500 , संख्या मे ____________ बेर लिखल छै।






बच्चा सभ के दोसर करेंसी नोट के निरीक्षण करबा लेल कहियौन्ह आ ओकर विशेषता पर चर्चा करू। हुनका सभ सँ नोटक विस्तार पूर्वक ब्योरा, जेना नोट के बार्डर पर लाइन आ दिव्यांग लोक लेल लिखल विशेष संख्या के संबंध मे चर्चा करू।





तेजल के बाबी हुनका किछु पुरान सिक्का, जे ओ पहिने नै देखने रहथि, देखैलन्हि। चलू, हमहूं सभ ओहि सिक्का सभ के देखी।




25 पैसा




50 पैसा




10 पैसा




20 पैसा

ओकर दादी 1 रुपया लेल 50 पैसा के दू टा सिक्का दै छलखिन्ह।




50 पैसा

+




50 पैसा

=




₹ 1

100 पैसा = 1 रुपया

**क. कतेक 25 पैसा 1 रुपया बनौतै ? नीचां देल गेल बॉक्स मे सिक्का सभहक चित्र बनाउ ।**

= 1 रुपया अथवा
100 पैसा

**ख. कतेक 20 पैसा 1 रुपया बनौतै ?** ______





© NCERT not to be republished

## बैलून के फोड़ू।

मात्रु के संयोग स एकटा बैलून फोड़य बला खेल भेटि गेलैन्ह। 10 रुपया में हुनका 3 टा मौका भेटतैन्ह।आउ,देखी मात्रु कतेक पाइ जीतै छथि।




**क. यदि मात्रु निम्नलिखित बैलून के फोड़ै छथि त' हुनका कतेक पाइ भेटतैन्ह?**

| | |
|---|---|
|  | ₹ 3 |
|  | |
|  | |
|  | |

© NCERT not to be republished

ख. नीचां देल पाइ प्राप्त करबा लेल मात्रु के जतेक बैलून फोड़बा हेतैन्ह,ओकर चित्र बनाउ आ रंग भरू।

| | |
|---|---|
| | ₹ 17 |
| | ₹ 22 |
| | ₹ 31 |

ग. सभ सँ बेशी पाइ लेल अहाँ तीन अलग-अलग रंग के कोन बैलून के लक्ष्य राखबै? चित्र बनाउ आ रंग भरू।

कुल जीतल पाइ = ______

घ. यदि मात्रु के चारि टा मौका भेटितैन्ह त’ ओ कोन विभिन्न रंग के बैलून के फोड़ला सभ सँ बेशी पाइ प्राप्त करितथि? ओकर चित्र बनाउ आ रंग भरू।

कुल जीतल पाइ = ______

© NCERT not to be republished



## आउ,हम सब करी।

**देखियौ, 66 रुपया कोना भिन्न भिन्न तरीका सऽ देल जा सकैत छैक।**




**देल गेल धनराशि के भिन्न भिन्न नोट–सिक्काके संयोजनसँ बनाउ ।**

| धनराशि | ₹ 1 | ₹ 2 | ₹ 5 | ₹ 10 | ₹ 20 | ₹ 50 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ₹ 54 | — | 2 | — | 3 | 1 | — |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| ₹ 85 | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

© NCERT not to be republished

## आउ,हम सब कीनी।




| समान | समान कीनबा लेल आवश्यक पाइ | अहाँ ल'ग पाइ | बांचल पाइ / आओर आवश्यक धन |
|---|---|---|---|
|   | ₹ ________ |  | ₹ ________ |
|   | ₹ ________ |  | ₹ ________ |
|   | ₹ ________ |  | ₹ ________ |

© NCERT not to be republished



## आउ,हम सब करी।

| | |
|---|---|
| ₹ 18<br>+ ₹ 32<br>_____ | ₹ 15<br>+ ₹ 27<br>_____ |
| ₹ 47<br>+ ₹ 50<br>_____ | ₹ 22<br>+ ₹ 35<br>_____ |




क. जयंत 25 रुपया कलम पर आ 40 रुपया उत्तर पुस्तिका पर खर्च कएलन्हि। ओ कुल कतेक पाइ खर्च कएलन्हि?

ख. मीरा ल'ग 43 रुपया छलैन्ह।कनिका ल'ग मीरा सँ 14 रुपया बेशी छलैन्ह। कनिका ल'ग कतेक पाइ छैन्हि?

ग. एक पैकेट ब्रेड के दाम 30 रुपया आ चाकलेट के दाम 60 रुपया छै। विवेक के दुन्नू समान कीनबा लेल कतेक पाइ के आवश्यकता हेतैन्ह ?

घ. अजय ल'ग 58 रुपया छैन्हि। ओ 48 रुपया बाजार मे खर्च कएलन्हि। आब हुनका ल'ग कतेक पाइ बांचल छैन्हि ?



## परियोजना कार्य

जखन अहां अपन माता-पिता संग दोकान वा बाजार जाइत छी, जतेक सामान अहां कीनै छी आ जतेक पाइ खर्च करैत छी,ओकर सूची बनाउ।

एहन आओर प्रसंग सभहक विषयमे बच्चा सभ सँ प्रश्न पुछियौन्ह कि हुनका सभ के जोड़ अथवा घटाव करबाक छैन्हि। चर्चाक माध्यम सँ बच्चा सभ मे पाइ बचेबाक नीक आदति के विषयमे ग'प करू।



© NCERT not to be republished